# AFRIK SOWU-JANT (OUEST)






### BASILIK NOTRE-DAME BU JÀMM CI YAMOUSSOUKRO

Basilik bii mooy mbind mi mel ni Basilica Saint-Pierre bu Vatican. Félix Houphouët-Boigny, njiitu réewum Côte d'Ivoire bu njëkk, moo ko tabaxaloon si dëkk ba mu juddoo, muy Yamoussoukro. Te itam dafa gëna gudd Basilica bi nekk Vatican ci 20 meetar.




### THOMAS SANKARA

Ñu ngi koy woowe Che Guevara bu Afrik bi, Sankara siiw na lool ci ay xalaatam yu jëm ca kanam ak xeex emperiyaalism. Moo jiite woon Burkina Faso ba ñu koy ray ci atum 1987. Mu soppi tur réewam, bu njëkkoon tuddee ko "Volta bu Kawe", "Burkina Faso", muy tekki "réewu nit ñu jub ñi" ci làkku Dioula.




### TEYAATAR NASIONAAL BU ART

Ñu ngi ko ubbi ci atum 1976, teyaatar national bu mag la ci waa Nijeriyaa. Mooy bërëb caada bi gëna mag ci réew mi. Ñu xamee ko itam ci tàggat aktër yu siiw ci Nollywood.



### AMAZONES YI CI DU DAHOMEY

Amazone yi ay xarekat yu am doole lañu woon, ñu tàggat leen ci seen ndaw ngir jàppale Nguur bu Dahomey (Benin bi ñuy woowe leegi). Def nañu liggéey bu am solo ci yaatal nguur gi ba ci njeexte 19eelu xarnu.




### SIERA LEONE

Freetown, moy péey Sierra Leone, dañu ko sàntch ci 18 xarnu bi at ngir téeru ay Niit you ñiou tégui seen boum jàam ñiom ñi ngui bayeko Amerik .Amona taamit ay Niit ñu ñuul niou xéeexon and-ak brittanik yi si xaré moom sa bopp amerik.Deuk freetown moy firi Deuk nit ñiou moom sen bopp.




### GOUY GI

Gouy gi mooy mandargaal réew mi, Degn key mengueulé ak Dundeu ak Dée.Da am Tcheur bou am solo si aada Senegaal ak si waalum aaru Halam bi . Waayé ay nit dañ koy dag lol, loolu moo tax mou ngui wañek-ou si Deukk bi.




### JUMAA JU MAG JI DI NIAMEY

Jumaa ji ñu tabaxoon ci atum 1970 ci ndimbalu réewum Libii, amna solo bu rëy ci wàllu aada ak diine. Bokk na itam ci jumaa yi gën a mag ci diwaanu sowwu Afrik bi.



### MÀSOLÉ AK BARAB BU FÀTTELIKU KWAME NKRUMAH

Fattélikukay bii ñu tabax ko ci 1992 ngir fàttaliku Kwame Nkrumah, jiitu réew bu Ghana ak xeex kat bu am solo ci wàalu Bennoo Afrik. Nkrumah moo jëf ju am solo nguir réewu Ghana meune moom boopom.



### CESÁRIA ÉVORA

Cesária Évora mooy benn woykatu jigéen bu addina sépp xamoon. Benn ci ay woyam yu gëna siiw mooy « Sodade », muy am ndam lu réy. Cesária dafa nekkoon jigeen ju yémé ci yermande ak sutura, ñu koy tudde woon "Diva bu tànk yu neen", ndaxte dafay faral di woy ci bërëb te dou fell dàll.



### LNANAS BENZ YI

Nana Benz yi dañoo nekkoon ay jigéen ñuuy jaay Piis wax, muy ay sër yu bari ay melo ak ay rëy, yu waa Afrik bëgg lool. Def nañu liggéey bu am solo ci koom-koomu réew mi, yor wàll wu bari ci marse mbàjj mi ci ati 1970 ba 1980, ba noppi dajale alal. Xam nañu itam ni dañu yor damaar(auto) Mercedes-Benz, muy màndarga seen ndam.



### GAALU LEBU

Gaalu Lebu yagg na lol. , xeetu waa Senegaal . Ñoom ñuy jëfandikoo gaal yi ngir Nap ci ndoxu Atlantik.




### JUMAA BI DI DJINGAREYBER

Tabax bu rëy boobu ñu defaree suuf, barab bu mag la bu ñuy jaamu Yàlla, di màndarga Mélokann- tabax lislaam ci sowwu Afrique. Soror bu njool bi am ci digg bi, nekk na màndarga ci dëkk but am taarix bii di Timbuktu.




### LTOUAREG YI

Nit ñu dëkk Sahara lañu, ñu gëna bari ci Nijer, Aljeeri, Libii ak Mali. Dañu leen di faral di woowe "nit ñu baxa" ndax indigo bi ñuy jëfandikoo ngir Tioup seen yéere.



### BËTU SAHARA WALA LIGGÉEYU RICHAT

Ci biir dàllanguéer (désert) bi, amna barab bu yéeme bu defaree ay xeer ak xeer yu bari, soo ko xoolee ci asamaan, dangay nuru bët! Buñu sukkandikoo ci gëstukat yi, mbir la mu am ci suuf si lu weesu 100 milioŋ ciy at, mu dundu ay ci diirundox yi yax suuf si ay junniy at.




### IBERIA

Ñu sos Liberia ci atum 1822, koloni la woon ngir dalal jaam yiñ moomoon ci Amerik, bëgga dellusi ci Afrik. Ci atum 1847 la réew ma yëgle ni dafa moom boppam, mu nekk benn ci réew yu néew yi moom seen bopp ci Afrik bi ba ci 20eelu xarnu bi, moom ak Ecciopi.




### SINGETTI

Ñu ngi sos Singuetti ci 13eelu xarnu, mu siiwoon lool ci ay Kaggu (bibliotek) yu bari yu amoon ay mbindu diine yu yàgg yu jullit yi bind. Waaye, dallanguéer (désert bi) dafa gëna yokk, te jafe-jafe yi dañu gëna tar ndax tàngooru àdduna bi.



**FUTA JALON**

Futa Jalon mooy benn bérébu yu am ay tund yu réy ak ay deex yu Xoot lool ..Taamit si barab bi Deex you bari gnou ngui fa bayeko di jëm ci Giné. Moo tax ñu koy woowé fi di ndox tàmbalé.




**GAMBIA**

Gambia mooy réew mu gëna tuuti ci Afrik, am na yaatuwaay 11 300 km².
Dafa nekk ci digg Senegaal, te deexu Gambia di romb réew mi yepp, lolou mo ko djox suuf bu weex ak ay garab yu bare.



**CHINUA ACHEBE**

Achebe bindkat ak taalifkat bu siiw la ci Nijeriyaa, ñu jàpp ni kenn la ci ñi njëkka amal Mbindi bu bees ci Afrique ndax téereem bu njëkk bi tuddu, "Àdduna bi dafay daanu."Tamit dees na jàng ay liggéeyam ci daara yi ci réewi Afrig yu bari.





**GINÉ-BISAO**

Ginee-Bisao am na ci ay ndun yu baré yi ñiou tudde Bijagos. Nit ñi ñufa dëkk ci, ñoo ngiy tudde Bijagos. . Ñu xamee leen ci seen bañ Nootél bu Portugal ci 16elu ba 17elu xarnu, ak seen cosaan ak aada yu jigéen ñi.

# AFRIK BËJ GANAAR






**TUUR HASSAN**

Tuur Hassan màndarga la ci Marok. Ñu tabaxoon ko ci Rabat ci 12eelu xarnu, ñu bëggoon ko mou nekk soror ji gëna mag ci àdduna bi. Waaye ci atum 1199, ñu bàyyi tabax bi ginaaw bi Buur Yacoub al-Mansour génnee àdduna, moo jiite woon tabax bi.



**JUMAA HASSAN II**

Jumaa ju Hassan II ñu ngi ko tabax ci kaw géej gi, di benn ci Jumaa yi gëna mag ci àdduna bi. Li gëna fës ci biir kër gi mooy ñatti ale yu mag yiy fàttali katedraal, balkon yi dañuy fàttali Kër njàngu Yawut, ak ay Tëddankatu suuf (karoo) yuñ defar-ee ci anamou Araab-Andalusien.



**PIRAMID YI**

Piramid yi dañuy màndargaal Ejypt bu njëkk ba. Li gënoon am solo mooy bàmmeelu Firawna yi. Piramid bu jëkk bi ñu ngi ko taxawal ak léegi 4700 at, yi gën a ràññee, yu mel ni yu Khufu, Xafre ak Menkaure, ñu ngi nekk ci Giza, ci tefesu Niil bi sowwu.



**TIMGAD**

Timgad, di dëkku Room bu yàgg, di dëkk bu am xaalis bu bari ci jamonoom, ñu tuddee ko "Pompeii bu Afrik bëj Ganaar." Sooy doxantu ci mbedd yi, dinga gis li des ci 2000 at ci ginaaw, te ñu denc ko bu baax.



**RÀBBKAT YU JIGÉEN**

Ràbbkat yu jigéen yi ci dëkk Timimoun siiw nañu lool ci seen xam-xam bi ñu amoon ci wàllu mbàjj, rawatina ci ràbb Bassang Berber . Jigéen ñooñu dañu bawoo ci Waa kër yu néew doole, ñuy defar ay liggéey yu wuute ak seeni loxo.



**JUMA BU MAG BU KAIROUAN**

Bokk na ci jumaa yi gëna yàgg te am solo ci àdduna islaam. Ñu tàmbali tabax ko ci 7eelu xarnu, ñu daal di koy yaatal ba noppi diko yeesal ci diiru xarnu yu bari.




**HOGGAR**

Hoggar tundu la wu nekk ci Sahara, collu bi yegg ba 3000 meetar ci kaw géej gi. Barab bi rafet na lool, am Màndi( plato) yu réy ak tund yu wuur ( Wolkaan). Rax ci dolli, collu bi gëna kawe ci Algérie, di Tund Tahat, mingi féete ci Hoggar.



**ATAAYA BU AM NAANA**

Ataaya bu am naana mooy li ñu bëgga naan ci Marok. Nit yi di ko naan bés bu nekk. Dañu koy Xéli ci ndab yu ndaw, te ku dem Marok, dinañu la may ataaya bi ndax mooy teranga.



**ZELLIGE**

Zellige Liguéeyu-loxo(Art) cosaan la bu mag ci Marok. Dafay boole ay piyeesu seramik yu ndaw ngir defar ci mosaik. Tarràl yooyu dañu leen di faral di jëfand-ikoo ci palaas yi, jumaa yi ak Khabrou yi ngir taaral miir yi



**LEPTIS MAGNA**

Leptis Magna dëkku Room la woon ca tefesu Géeju Diggu . Tay, barab bu mag la ci wàllu Taarix bu yagg , di seede tabax ak cosaan ak aada yu waa Room amoon Afrik bët ganaar.



**MBINDU MISRA**

Lii ay mbindu Ejypt yu yàgg lañu, am lu ëpp 5000 at ci ginaaw. Kenn xamul lumuy tekki ba atum 1822, la Sampollyon jëfandikoo Xeer Rosetta ngir tekki leen. Xeer woowu, di benn xeetu Xeeru fàtteliku bu yàgg , mu am benn mbind buñ bind ci ñatti làkk.

# AFRIK DIGGANTE






**MASSIIF DU TIBESTI**

Tibesti ay tund yu mag la ci réewum Caad. Ci tund yooyu nek ci Tchad ak ci Sahara. Amna ben Tund bu gën a kawé, ñu koy wax Emi Koussi, dafa toll ci 3 415 metar.



**DAANU (CHUTES) BOALI YI**

Daanu yi nekk ci dexu Mbali, ci wetu dëkku Boali. Ñu ngi leen xam ni ay dalu ndaw yu mag lañu te dañuy ndimbalal turism ci réew mi. Tabax nañu ay barabu kuuraŋ yu bari ci wetu ndox mi ngir joxe kuuraŋ bu wert ci dëkk yi ko jege niki noonu di Bangui, di péey réew mi.



**LÀKK SANGO**

Sango mooy làkk wi ñu jëfandikoo ci Réewum Digg Afrik (RCA) ngir nangu ak wone seen bopp. Ci 1963, ñu tànn ko ni làkk seen Réew . Loolu dafa tax RCA nekk benn ci réew yi gën a néew ci Afrik yi tànn seen lakk Deukk si kow Lakk Kolon yi .



**DEXU CAAD**

Dexu Tchad mooy benn ci dex yu gën a réy ci Afrik. Dafa réy waaye du xóot, ci loolu moo tax mu am ay barab yu toy yu bare. Moo gën a baax nga fay jaar ak gal bu ndaw (pirogue). Su nit diissee lool ak taw bi ñàkk, dex gi dafay ndaw ba ci yenn barab am na ñu ko mana jaar ci tànk.



**SÃO TOMÉ AK PRÍNCIPE**

Lii mooy cërub ndox yu nekk ci géej gi ñuy wax gox géej, te am nañu ñaari cër: São Tomé ak Príncipe. Ñu ngi ko xam ndax seen xeetu biir suuf ak seen tooli cacao, ak seen wàllu ndox yu tang.




**MAGGÀLUKAAY MBOOTAAY GI**

Maggàlukaay bii dafay màggal booloo gi am ci atum 1961 ci Kamerun biy làkk français ak biy làkk anglais. Dafa am ñaari jaan yuy booloo ci kaw. Dafay màndargaal boole ñaari gox yu yàgg a tàqaloo nekk benn réew.



**MBORORO YI**

Ñoom mooy nit ñi dañuy sàcc ak rey. Ñu ngi leen gën a gis ci Afrik sowwu ak Afrik sàntar. Ñu ngi leen xam ndax seen rafet, rawatina ci jigéen ñi ak góor ñi.



**BONOBO BI**

Bonobo xetu golo la bu nekk ci Republik Demokratik bu Congo (RDC), ñu jàpp ni mooy doomu bajjainu bi gëna jege nit ñi. Ñu xamee ko ci nit ku bari jàmm; Waaye mingi waaja jeex.



**MASKU ÑAY**

Mask yooyu boroom doole yi ci Bamiléké dañu leen di sol suñuy amal xew-xew yu mag ak seeni xew-xew. Bamileke yi nit ñu bokk lañu ci diwaanu sowwu jàng, ñu xamee leen ci seen topp seen cosaan ak aada ak seen jom ci liggéey.




**GINÉ EKWATORIYAL**

Réew mi am na ay cëru suuf yu bari ak ay cëru ndox. Seen dëkk bu mag, Malabo, a ngi nekk ci cërub ndox bi ñuy wax Bioko. Réew mi mooy kenn ci ñi gën génné petrol ci Afrik ci suuf su nekk ci wetu Sahara. Am na ñetti làkk rasmi: Espanyool, Farãs ak Portigees.



**YAX YU YAAG BU TOUMAÏ**

Yax yu yaag bii ñu gis ca 2001 ci dàllan-geer(désert) dëser bi ñuy wax Djurab. Mooy boppu nit ku mag, te am na lu tollook 7 milyoon at. Ñu ngi ko xam ni mooy maam giy gën a mag ci xeetu nit ñi.



**SEEKOU BU GABOON**

Seekou bii am , mi ngi am melo wu domu-taal, dafa nekk ci àll yi am ndox yu baré. Dafa am solo ci wàllu Yëngu-yëngu yu njariñ ci garab yi (pollinisasion), ndaxte dafay wéyal jiwu ak tëral yu garab yi , loolu dafay dimbali àll yi. Yennesay amna niou yor Séékou bi si sen Ker ndaxte dañuy xam ne moom am na xel, té dafa bari wax.



**WOLKAAN NYIRAGONGO**

Nyiragongo tund yu wuur(wolkaan) la buy yëngu, té foofu am laaku laav(lave) bu gën a mag ci àdduna. Soo génnee ci dëkk Goma, dangay gis wolkaan bi, mu yéeg ci kaw suuf su ñuul te bari ay doom.



**GORGES YI DIOSSO**

Gorges yi Diosso benn barab la bu dexug Diosso sos. Gorges yii dañoo am nataal bu rafet lool, ak tata yu bare yu mag te dëgër, ak ay garab yu bare te tooy.




**BRAZAWILE AK KINSHASA**

Brazzaville ak Kinshasa ñooy péey yi ci Réewum Congo ak Réewum Congo bu am demokaraasi. Ñoom ñaari péey lañu ci addina si gën a jege, ndax dexug Congo kese moo leen xajalé.

# AFRIK BU PENKU






**JIBUTI**

Réewum jibuti am na tur wu mel ni turu péy bi (jibuti). Mooy réew bu bari xeet yu wuuté, ci misaal xeet yi mel ni Afar ak Issa.




**XEETU MAASAÏ**

Maasaï ñoo dëkk ci réewum Keñaa ak Tansani. Ñoom ay Samkat lañu, ñu xamee leen ci seen cosaan ak aada, seen yéere yu yànj, seeni takkaay yu fës, ak dundin wi ñuy dundee. Maasai yi dañu nekkoon xarekat yu mag, ñu siiw ci seen fit, seen doole ak seen manin.



**NURUDIN FARAH**

Nuruddin Farah mooy bindkat bu mag ci Afrik, mooy kenn ci ñi gëna am solo ci bindkat yi. Ci ay téereem, mu ngi xool ay mbir yu mel ni xeet, politik, dëkkandoo ak dundinu waa Somaali. Bindam dafa am ay ndam ci àddina sépp.




**PIRAMID YU NUBI**

Piramid yi ci Sudan ñoo gëna bari te dañu gëna yàgg yeneen yi ci Egypt Piramid yooyu dañu nekk ci wéétu barab buur yi fattu di tëdde. Waa Nubi xeetu nit lañu bu bokkoon ci ñi njëkka dëkk ci ci suufum Nil



**KAFE**

Uganda bokk na ci réew yi gëna mëna jaay kafe ci bitim reew ci Afrik, ndax klimaa bi baaxna lool ak suuf yu bari yi. Foofu lañuy bay itam wëtteen ak pome-biteer.




**COCO FESSE**

Jiiwu "CocoFesse" mooy miisal Seysel. Moom dafay jóge ci garab gu amul fenn fu mu am lu dul ci dun bi ñuy wax Praslin. CocoFesse mooy jiiwu gu gëna mag ci àddina, moo tax ñuy aar ko.



**EMPRENT (TOPP) TÀNKI LAETOLI**

Ci Laetoli, ñu gis nañu ay emprent tànki nit. Ñu ngi leen denc ci dóómu benn wolkaan bu kalaate luy tollu ci 4 milioŋ ciy at ci ginaaw. Gis-gis boobu dafa am solo ngir gëna yombal sunu xam-xam ci taarix bu Njeuk.



**XEETU WAA MURSI**

Xeetu waa Mursi dañu siiw ci seen aada yu xàjj ak yu wuute ak yu yépp. Jigéen ñi dañuy takk ay disku potoo yu réy ci seen tuñ . Disku yooyu, ñoom dañu gëm ni muy leen di aar ci ay rab yu bon, waaye itam muy wone rafet gi ak teraanga gi ñu leen di jox ci seen askan.



**KILIMANJARO**

Tund bii mooy tund bu gëna kawe ci Afrik, guddoom tollu ci 5895 meetar. Am na ñetti volkan yu dëkkul woon, te ci kawam am na galaas yu bari. Waaye, ndoxu galaas yi dañuy dëgër ndax ngelaw li di soppeeku. Loolu dañ koy faral di wone ci misaal yi ci soppeeku ngelaw. Mbootayu àddina si yépp dañu di jaaxle ci loolu, ndaxte lii dañ koy gis ni jafe-jafe bu mag bu ñuy war a defar ci toppatoo askan wi ak àddina bi.



**SANSIBAR**

Dunu jasi ci wetu Tanzanie. Dafa siiw ci àddina sépp ndax safara yu bari yi ñuy fa Ji , ak itam tefesam yu rafet yu neex di gis. Dunu am na itam taarix bu am solo lool, ndaxte dafa boole aada yi bawoo Afrik, araab ak Inde.




**BURUNDI**

Burundi siiw na lool ci Ingoma, di tambour cosaanu réew mi. Bii góor ñi kese ñoo koy Teugg. Dañu koy àndal ak ay way ak ay fecc ci xew-xew yu am solo wala xew-xew yu am solo.




**HENNÉ (FUDDËN)**

Somaali mooy réew mu xam ci aartu fuddën (henne). Fudden mooy mel ni tarël bi ñuy jëfandikoo ci loxo walla ci tànk. Ñu ngi ko defare ak xob yi ñu yàpp, te dañu ko jëfandikoo ci ay xew-xew yu am solo ci dëkk bi, ci misaal, waalu takk aw sëey.




**RWANDAA**

Rwanda barina garabi àll yu yaatu ak tundu, moo tax ñu koy woowe "réewu junniy tundu." Waa Rwanda siiw nañu lool ci seen mbaax ak seen yaatu.




**SUDAAN DI SID (LÉEBÉER)**

Sudaanu di sid réew mu bees la, ginaaw bi ñu moomee seen bopp ci Sudan ci 2011 ci referandom. Réew mi amna mbindéef yu bari yu wuute: leopaar, ñay, gaynde, léebéer, ak ñoom seen.




**ERITREE**

Eritree mooy réew mu nekk ci wetu géej gu xonk (mer Rouge). Péy bi mooy Asmara, dëkk bu ñu xam ci tabax yu bari yu kolonial yu Itali nguur gi gëna aar bu baax. Eritree moom na boppam ci 1993, bi mu génnee ci réewum Etiopi.



**BËRËBU BUUR FASILIDAS**

Bërëbu buur bii, buur bu mag Fasilidas moo ko tabaxoon ci 17eelu xarnu (siyeekal). Mingi féete ci dëkk bu am fortifikaasioŋ bu tuddu Fasil Ghebbi ci Ethiopie, mu am palaas yu bari yu fees dell ak xeeti Araab, Inde ak Portugal.

# AFRIK BËJ SALOUM






### NELSON MANDELA

Mandela siiw na ci àdduna bi yépp. Njiit la woon ci fenomen anti-apartheid, mu xeex ak fit ngir dakkal njubadi giñ doon xeex ci Afrik bëj saloum. Ci atum 1994 la doon njiitu réewam ku ñuul, ginnaaw bi mu nekkee kaso 27 at.



### WELWITSCHIA MIRABILIS

Garab la gu amul fenn, du màgg ludul ci Dallangeer(désert )bu Angola ak Namibia. Amna yaram wu gàtt ak xob yuy màgg ndànk lu weesu xarnu, yegg ba 4 meetar ci yaatuwaay!



### A PALANCA-NEGRA GIGANTE (SIKKÉT BU ÑUUL BU MAG)

Antilop( sikket )bii kenn la ci àddina. Dañ koy xam ci ay weexam yu ñuul ak ay béjjén yu dëgër te gàttiku. Dafa doon miisal réewum Angola. Waaye liy ñuul ci soow mi mooy rëbbkat yi dañu bëgga ray xeetu mbindéef bii , ndaxte ñu ngi koy rey ci kaw ay béjjénam yi ñuy bëgg a jënd.



### DALLAGÉER NAMIBI

Lii mooy jeeri ji joor gui bu gëna yagg ci wetu géej ci àddina. Dafa nekk ci njëmu ngelaw gu wow (yu bari taw te ngelaw gu metti) ba tollu ci lu weesu 50 milioŋ ciy at. Légui mëna na ñu fa def ay xew-xew yu neex te mel ni ñu tukki ci balongu, ngir gis suuf si ci kawe.



### XEETU HIMBA

Waa Himba dañuy siiw ci seen melokaan bu rañékkou a mel ak ñeneen xeet. Rawatina jigéen ñi, ñoo di takk ay létt yu rafet te dëgër, te dañuy diw seeni karaw ak diw bu ñu defar ak nandu ak garab pund okre. Waa Himba dañuy am gëm-gëm ci safara gu sell, gi ñu jàpp ni dafay len di jokkale ñiom ñi dund ak seen maam yi.



### SAN YI (BUSHMEN YI)

Bokk nañu ci xeet yi gëna yàgg ci Afrik bëj saloum, ñu sanc fa ak leegi defna luy tollu ci 44.000 at. Tay, waa San dañu jànkoonte ak jafe-jafe yu bari: aar seen suuf, baña yàq seen cosaan ak aada ak jànkoonte ak Afrik bi di bënn.




### KOMOOR

Komoor Ay Dun yu am ñeenti dun yu mag : Komoor Gu Mag, Mohéli, Anjouan ak Mayotte (mujjee gi mooy farãns). Ku nekk ci ñoom amna cosaan ak aada ak barab yu mu wara gis. Péey réewum Comores mooy Moroni, nekk ci Du bi ñuy wax « Komoor bu mag».




### RÉEWIÑOŊ

Réewiñoŋ mooy benn dun bu am wolkaan la . Réew bu Farãs la, te ñu koy xam ci tabaxu cosaan bu rafet, tundam yi ak mélokaan bu bari ci xeet yi fa dëkk.

### DUN MAURICE

Dodo piccu màndarga la woon ci Mauritius, waaye leegi dafa ni mes. Reer gi dafay wane njariñu baña yàq gancàx bi ngir baña yàq mbindéef yi.





### LESOTO

Réew mii réewu buur la, mingi ci bëj saloum Afrik , mingi féete ci kawewaay bu ëpp 1400 meetar. Ñu ngi ko woowe "Ngur ci Asamaan" ba noppi dafa am tund yu yéeme.



### DHOW BI

"Dhow" mooy gaal gu cosaan bu ñu faral di jëfandikoo ci wetu géej ci Afrik bu Penku. Ñu ngi koy jëfandikoo ngir nappkat, tëralukaay ak yóbbu alal. Li gëna fës ci dhow bu Mozambik mooy gaal bu am lëmbu bu am ñatti kaar ak mast bu am ñaari pàcc. Ubbi kat yu fa dëkk ñoo ko defar, si xam-xam seeni maam.





### ESWATINI

Réew mi mingi nekk ci diggante Afrique du Sud ak Mozambique. Ci atum 2018, Buur Mswati III dafa soppi turu réew mi ngir gëna dooleel dàntite nasonaal bi, ba noppi génne ko ci jamonoy kolonisasioŋ. Bu njëkk ñu tuddee ko "Swaasiland", leegi ñu ngi koy woowe "Eswatini", muy tekki "réewu waa Suwaasi" ci Swaati.



### DAL YI DE VITÓRIA

Dal yi ci dexu Zambèze, ñoo am ci diggu Zambie ak Zimbabwe. Dal yii dañoo rafet lool, te dañuy bokk ci dal yu gëna siiw ci àddina bi . Ndax xamoon ngue ne Zambie ak Zimbabwe rekk ñoo doon réew yi ay tur yu tàmbalee ci "Z" ?



### DIAMAND

Ñu ngi njëkka gis diamand ci atum 1866 ci wetu benn dëkk bu tuddu Kimberley ci diwaanu bëj saloum. Xew-xew boobu mooy ndoortelu jaar-jaar buy tax Afrique du Sud nekk benn ci réew yi gëna am diamand ci àdduna bi.



### LEMURS YI

Lii ay xëtu mala yuy dundu guddi lañu, te nekk ci Madagascar. Ci seen askan, jigéen ñi ñoo ëpp doole ci àdduna, te loolu bariwul lumuy am ci àdduna baayima yi. Kon lemur yi lu am solo lañu ci jàngat.



### MOKOROTLO

Mokorotlo mbaxna ñax la ñu koy faral di sol ak yéere cosaan yu waa Sotho. Mooy màndarga réewum Lésotho. Rax ci dolli, mingi feeñ ci darapu réew mi ak ci plaaku oto yi.




### LE MALAWI

Malawi mooy réew mu ndaw te nekk ci diggu Tanzania, Mozambik ak Zambi. Dafa am dex gu tuddlu ci boppam (Lakku Malawi), di kenn ci dex yu gëna mag ci Afrik. Réew mi ñu ngui ko wowé "Xol bu séed ci Afrik", ndax waa réew mi dañu yem ci teraanga ak jàmm.péey bi mooy Lilongwe.